दिन—मंगलवार दिनांक—12.11.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि दरभंगा के शोभन मे प्रस्तावित एम्स के निर्माण काजक आधारशिला राखताह। दरभंगा मे बनऽबला एम्स बिहारक दोसर एम्स होयत। एकर निर्माणक लेल केन्द्र सरकार एक हजार दू सय एकसठि करोड़ टाकाक राशि उपलब्ध करौलक अछि। संगहि प्रधानमंत्री काल्हिये दरभंगा मे आयोजित एक कार्यक्रम सँ झंझारपुर—लोकहा रेलखंडक उद्घाटन करताह। श्री मोदी एहि रेलखंड पर पैसेंजर ट्रेन के हरियर झंडी देखा कऽ विदा करताह। एम्हर, प्रधानमंत्री के आगमन के लऽकऽ सभ तैयारी पूरा कऽ लेल गेल अछि। सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कयल गेल अछि। संगहि दरभंगा शहरक यातायात व्यवस्था मे सेहो परिवर्तन कयल गेल अछि। ओतहि प्रधानमंत्री समस्तीपुर रेलवे स्टेशन पर काल्हि जन—औषधि केन्द्र के सेहो उद्घाटन करताह।

---

प्रदेशक चारि विधानसभा सीट— बेलागंज, इमामगंज, तरारी आ रामगढ़ उपचुनावक लेल काल्हि भोरे सात बजे सँ मतदान होयत। निर्वाचन आयोग मतदान के लऽकऽ सभ तैयारी पूरा कऽ लेलक अछि। मतदान केन्द्र सभ पर इवीएम आ वीवीपैट के संग कर्मी लोकनि के पठाओल जा रहल अछि। सभ मतदान केन्द्र पर सुरक्षा बल के प्रतिनियुक्ति कयल गेल अछि। आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार एहि चारू विधानसभा क्षेत्र मे बारह लाख सँ बेसी मतदाता अपन मताधिकारक प्रयोग कऽ सकताह। एहि क्षेत्र सभ मे एक हजार दू सय सत्तहतरि मतदान केन्द्र बनाओल गेल अछि। उपचुनाव मे कुल अड़तीस प्रत्याशी चुनाव मैदान मे छथि। इंडिया गठबंधन सँ राष्ट्रीय जनता दल तीन सीट पर चुनाव लड़ि रहल अछि। ओतहि, भाकपा माले एक सीट पर। एनडीए के दिस सँ भाजपा दू सीट पर जखनकि जदयू आ हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा एक सीट पर चुनाव लड़ि रहल अछि। बहुजन समाज पार्टी दू जखनकि जन सुराज पार्टी सभ चारू सीट पर अपन प्रत्याशी ठाढ़ कयलक अछि।

---

तिरहुत स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक लेल नामांकनक प्रक्रिया जारी अछि। आइ एनडीए सँ जदयूक अभिषेक झा अपन नामाकंन पत्र भरलनि। एहि अवसर पर सांसद देवेशचंद्र ठाकुर सहित एनडीए के कतेको नेता उपस्थित छलाह। विदित अछि जे देवेशचंद्र ठाकुर के लोकसभा सदस्य चुनल गेलाक बाद एहि सीट पर उपचुनाव भऽ रहल अछि।

———————————————————

केन्द्रीय सहकारिता राज्य मंत्री कृष्णपाल गुर्जर आइ आकांक्षी जिला कटिहार मे चलि रहल विकास काज समीक्षा कयलनि। समीक्षा बैसक के बाद श्री गुर्जर कहलनि जे जिला मे स्वास्थ्य, शिक्षा, पोषण आ आधारभूत संरचना सहित आन निर्धारित मानक पर काज भऽ रहल अछि आ एकर नीक परिणाम प्राप्त भऽ रहल अछि। एम्हर आकांक्षी जिला बेगूसराय मे सेहो आइ केन्द्रीय वित्त राज्यमंत्री पंकज चौधरी विकास काजक समीक्षा कयलनि। संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे श्री चौधरी कहलनि जे केन्द्र सरकार आकांक्षी जिला सभक विकासके लेल प्रतिबद्ध अछि।

———————————————————

राजगीर मे आयोजित महिला एशियाई हॉकी चैंपियंस ट्रॉफी के चारिम दिनक मोकाबिला मे थाईलैंड आ जापानक मध्य मैच एक–एक के बराबरी पर रहल। ओतहि, एक आन मैच मे चीन– मलेशिया के एकतरफा मोकाबिला मे पांच–शून्य सँ पराजित कऽ देलक। आजुक तेसर आ अंतिम मैच भारत आ दक्षिण कोरिया के मध्य खेलल जा रहल अछि।

———————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहार कोकिला शारदा सिन्हा के निधन पर अपन दुख व्यक्त कयलनि अछि। शारदा सिन्हा के पुत्र के लिखल गेल पत्र मे प्रधानमंत्री कहलनि जे शारदा सिन्हा लोक संस्कृति के समृद्ध कयलनि अछि आ हुनक द्वारा मैथिली आ भोजपुरी मे गाओल गेल लोकगीत जन–जन के हृदय के छुलक अछि।

———————————————————

आइ देवोत्थान एकादशी अछि। हिन्दू धार्मिक मान्याताक अनुसार आजुक दिन भगवान विष्णु चारि मास बाद योग निद्रा सँ जागैत छथि। एकर संगहि, चतुर्मासक समापन होयत अछि आ मांगलिक काजक शुरूआत होयत अछि। आजुक दिन तुलसी–शालीग्राम विवाहक सेहो परंपरा अछि। एम्हर, हमर संवददाता जनौलनि अछि जे देवोत्थान एकादशी पर भारी संख्या मे लोक सभ बेगूसराय के सिमरिया धाम मे शाही स्नान कयलनि।

———————————————————————————

आइ लोक सेवा प्रसारण दिवस मनाओल जा रहल अछि। ई दिवस हरेक वर्ष राष्ट्रपिता महात्मा गांधीक उनैस सय सैंतालीस मे ऑल इंडिया रेडियो दिल्ली जे आब आकाशवाणी के स्टूडियो मे पहिल आ अंतिम बेर अयबाक स्मरण मे मनाओल जायत अछि। राष्ट्रपिता सत्तहतरि वर्ष पहिने आकाशवाणी सँ अपन संबोधन मे कहने छलाह जे ऑल इंडिया रेडियो के माध्यम सँ हुनक प्रयास अछि जे लोक सभ धरि हुनक बात पहुँचि सकत।

———————————————————————————

चेतना समिति पटना द्वारा आयोजित विद्यापति स्मृति पर्व समारोह काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। तीन दिवसीय एहि समारोह मे प्रतिष्ठित साहित्यकार आ कलाकार लोकनि भाग लेताह। एहि अवसर पर मिथिला सँ जुड़ल सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन सेहो कयल जायत।

———————————————————————————

मौसम विभाग कहलक अछि जे चौदह नवंबर सँ एक पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय हेबाक कारण ठंडा मे वृद्धि होयत। मौसम विज्ञान केन्द्र पटना के वैज्ञानिक जनौलनि जे एहि विक्षोभ के प्रभाव सँ मधुबनी, सुपौल आ अररिया सहित हिमालय के तराई बला क्षेत्र सभ मे भोरक समय कुहेस लागल रहत।

———————————————————————————

समाप्त